



Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE RANDEVOU YO DISPONIB KOUNYE A NAN DIS
NOUVO SIT VAKSINASYON AN MAS KE ETA AP DIRIJE**

Randevou yo nan sit yo nan Vil New York, Long Island, Hudson Valley, Rejyon Kapital, Southern Tier, Mohawk Valley ak Rejyon Lwès New York disponib pou fè rezèvasyon jodi a

Tout sit yo pral ouvri vandredi 19 mas; Sit yo pral fonksyone soti 8:00 a.m. rive 7:00 p.m. chak jou

Nouyòkè ki kalifye yo ka pwograme randevou yo lè yo itilize sitwèb ['Am I Eligible'](#) (Èske Mwen Eljib) New York la oswa rele Liy Dirèk Vaksinasyon kont COVID-19 la nan 1-833-NYS-4-VAX

Jodi a; Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke randevou yo disponib kounye a nan dis nouvo sit vaksinasyon an mas ke eta a ap dirije toupatou atravè eta a. Toule dis sit yo pral ouvri vandredi 19 mas epi yo pral fonksyone soti 8:00 a.m. rive 7:00 p.m. chak jou. Chak sit pral gen kapasite pou vaksinen plis pase yon milye Nouyòkè pa jou tou depann de apwovizyonman gouvènman federal la bay la. Randevou yo nan sit yo ki sitiye nan Vil New York, Long Island, Hudson Valley, Rejyon Kapital, Southern Tier, Mohawk Valley ak Rejyon Lwès New York disponib pou fè rezèvasyon jodi a epi yo an konjonksyon avèk ouvèti nouvo sit vaksinasyon yo nan Long Island jan Gouvènè a [te anonse](#) anvan lendi a.

"Nou gen yon rezo sit vaksinasyon COVID ki byen laj epi eta a ap vanse annavan ak tous vitès pou ouvè menm plis ankò", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York bezwen prè pou pwochen ogmantasyon apwovizyonman an, epi sit sa yo ki sitiye toupatou nan eta a pral ede rezidan yo ak fanmi yo jwenn lapè nan lespri yo epi fè nou franchi yon etap pi pre pou defye pandemi COVID-19 la epi restore yon sans nòmalite. Sa a te yon ane ki ekstrèmman difisil e nou gen plis travay pou nou fè ankò, men eta a ap fè pwogrè pou vaksinen Nouyòkè yo ak reyouvri ekonomi nou an."

Nouyòkè ki elijib yo ap kapab pran randevou lè yo itilize sit entènèt ['Am I Eligible'](#) (Èske Mwen Eljib) New York la oswa lè yo rele Liy Dirèk Vaksinasyon COVID-19 eta a nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829).

Chak sit pral ouvri soti 8:00 a.m. pou rive 7:00 p.m. chak jou. Nan kote ki anba yo:

LONG ISLAND

Stony Brook - Southampton

SUNY Stony Brook Southampton Campus
70 Tuckahoe Road
Southampton, NY

Suffolk CCC - Brentwood

Suffolk Federal Credit Union Arena
1001 Crooked Hill Road
Brentwood, NY

SUNY Old Westbury

Clark Center - Gate C
Store Hill Road and Cherry Road
Old Westbury, NY

NEW YORK CITY

Bronx - Bay Eden Senior Center

Bay Eden Senior Center
1220 East 229th St.
Bronx, NY

HUDSON VALLEY

SUNY Orange

Diana Physical Education Center
9 East Conkling Ave.
Middletown, NY

Ulster Fairgrounds in New Paltz

Ulster County Fairgrounds
249 Libertyville Road
New Paltz, NY

CAPITAL REGION

Queensbury Aviation Mall - Sears

578 Aviation Road
Queensbury, NY

MOHAWK VALLEY

SUNY Oneonta

Alumni Fieldhouse
108 Ravine Parkway
Oneonta, NY

WESTERN NEW YORK

The Conference and Events Center - Niagara Falls

101 Old Falls St.
Niagara Falls, NY

SOUTHERN TIER

SUNY Corning Community College

Gymnasium and Wellness Education Center
1 Academic Drive
Corning, NY

10 sit sa y ap ajoute yo ap plis agrandi rezo distribisyon vaksen New York la ki deja byen laj. New York pa sèlman te ouvri 13 sit vaksinasyon an mas eta a jere anvan, men tou, pou reponn ak dekrè Gouvènè a pou asire distribisyon vaksen san patipri epi nan fason ki egal, sit yo te etabli pou asire ke Nouyòkè sa yo k ap viv nan kominote ki defavorize yo gen aksè dirèk pou yo pran vaksen an. Sa gen ladan sis sit vaksinasyon kominotè nan kad efò kolektif eta-FEMA yo, sit vaksinasyon an mas Yankee Stadium lan, ak plis pase 145 sit kominotè tanporè nan devlopman lojman piblik, legliz ak sant kominotè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)